



APÈSI EVÈNMAN ENTERYÈ AK EKSTERYÈ

Kad ki anba a reprezante rekòmandasyon operasyonèl Vil Boston pou **Evènman Enteryè ak Eksteryè**. Rekòmandasyon operasyonèl sa yo entegre Nòm Sekirite Espas travay Commonwealth la byen espesifik pou Sektè a, epi yo konplete avèk rekòmandasyon ki baze sou konsèy Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) ak asosyasyon endistri a pou ofri meyè pratik pou garanti distans sosyal ak diminye risk nan evènman yo, ansanm ak pou prepare epi retounen nan espas travay fizik la, prepare mendèv la, epi asire ke operasyon yo kontinye.

Rekòmandasyon operasyonèl sa yo aplike pou operasyon yo pandan Etap 1 Faz 3 plan reouvèti pwogresif Commonwealth la, epi Vil Boston ka chanje yo nenpòt ki lè baze sou chanjman nan Nòm Sekirite Espas Travay Commonwealth la, konsèy CDC yo, oswa lòt enfòmasyon sou sante piblik oswa lòt enfòmasyon oswa analiz sante piblik. Pou Vil Boston, Etap 1 Faz 3 nan Plan Reouvèti a ap kòmanse nan dat 13 jiyè 2020. **Seksyon egzijans operasyonèl Vil Boston ki nan paj 3 ak 4 dokiman sa a dekri limit kapasite byen espesifik Vil la pou evènman deyò yo.**

Rekòmandasyon operasyonèl sa yo bay biznis Boston yo eklèsisman sou fason pou opere nan Boston teni kont de divèsite, dansite, popilasyon, ak anviwònman konstriksyon inik Vil la. Men, biznis yo dwe respekte an toutan tout estanda Eta a genyen anvigè aktyèlman.

Okenn aktivite nan nenpòt evènman andedan oswa deyò pa dwe fèt san respekte estanda sekirite nan espas travay yo pou COVID-19. Estanda sa yo aplike pou tout antrepriz ki otorize fonksyone jiskaske Eta a anile oswa modifiye yo, sòf kote estanda byen espesifik pou sektè a aplikab pou yon pati oswa pou tout aktivite antrepriz la, epi nan ka sa, antrepriz yo dwe swiv estanda byen espesifik sa yo pou sektè a. Pwopriyete antrepriz la ap responsab pou respè estanda sa yo.

Tout aksyon ki antreprann pou respekte estanda Commonwealth la ak rekòmandasyon Vil Boston yo dwe respekte tou règleman konsènan Lwa Anfavè Ameriken Andikape (Americans with Disabilities Act) ak Konsèy Aksesibilite Achitekti Massachusetts (Massachusetts Architectural Access Board). Anplis estanda sa yo, òganizatè evènman yo dwe kontinye respekte tout règleman, politik, sètifikasyon ak egzijans lisans aplikab yo sanzesepsyon onivo lokal, Eta, ak federal pou etablisman yo a. Byenke estanda sa yo pèmèt fonksyonman espas evènman andedan ak deyò, yo ankouraje evènman deyò yo atoutfòs pou redwi risk pou transmisyon maladi.



Selon Commonwealth Massachusetts la, “Evènman Andedan ak Deyò” gen ladan evènman ki òganize nan anplasman annapre la yo:

- Espas evènman andedan ak deyò
- Sal Bal
- Sal fèt prive
- Andwa piblik yo, pa egzanp pak yo
- Amasyal
- Klas spin yo
- Fòmasyon kan antrènman

Yon evènman ki fèt nan bi prensipal pou gade yon espèktak dwe swiv direktiv sou Sal Teyat ak Espèktak ke Commonwealth la pibliye, anplis de direktiv byen esesifik pou Boston ki kòmanse nan paj 13 dokiman sa a.

Lokal ak aktivite ki gen gwo kapasite ki òganize pou rasanble gwo foul moun dwe kontinye rete fèmèn jiska Faz IV. Sa gen ladan lokal yo itilize pou espò an gwoup ak/oswa espèktatè, divètisman, biznis, ak evènman kiltirèl, ki gen ladan sa ki annapre la yo:

- Estad, arena, ak teren boul
- Pis dans
- Ekspozisyon ak sal kongrè
- Festival ak parad nan lari ak festival agrikòl
- Kous sou wout ak lòt gwo evènman atletik òganize an gwoup amatè oswa pwofesyonèl

Respè rekòmandasyon sa yo pral asire yon meyè sante ak sekirite piblik. Vil Boston ankouraje atoutfòs pou moun ki nan popilasyon frajil yo, espesyalman granmoun aje yo ak moun ki gen pwoblèm medikal kache yo, pou yo kontinye evite sòti an piblik ki pa nesèsè ak sèvis ki pa endispansab. Sante pèsonèl la tou se yon faktè ki enpòtan anpil pou konnen si detayan ka louvri ak sèvi patisipan yo an tout sekirite.

Sa ki enpòtan pou konsidere

Si ou gen nenpòt kesyon sou rekòmandasyon operasyonèl Vil Boston pou biznis, patwon, ak pwopriyetè komèsyal yo konsènan estrateji pou retounen nan travay pou espas travay biwo yo, tanpri yon imèl bay reopening@boston.gov.



- Reouvèti sèvis yo pral ogmante risk pou pwopagasyon COVID-19; konsa, objektif la se pou konnen, kominike, ak jere risk transmisyon yo.
- Pwogram, sèvis, ak endistri yo dwe modifiye, kèk nan yo anpil, pandan plizyè mwa oswa pi lontan jiskaske yo devlope yon vaksen oswa tretman ki efikas.
- Tout plan yo dwe gen ladan mekanis ki pèmèt pwogram ak sèvis yo kapab redui rapidman si ka ak lanmò COVID-19 yo kòmanse ogmante.
- Mesaj ak kominikasyon piblik ki apwopriye sou plan lang ak kilti enpòtan anpil.
- Eksperyans ak bezwen moun ki afekte yon fason demezire ap neglije si yo pa konsidere klèman nan tout plan yo.

EGZIJANS OPERASYONÈL VIL BOSTON

Apati 13 jiyè 2020, Vil Boston pral otorize bay pèmi pou aktivite deyò ki ka gen jiska 50 moun.

Limit kapasite 50 moun lan ap aplike pou sa ki annapre la yo:

- Evènman otorize sou tout pwopriyete deyò ki pou Vil la, sa gen ladan pak yo
- Evènman espòtif amatè kontak fèb ak kontak modere nan pak Boston yo
- Tout evènman deyò keseswa sou pwopriyete piblik oswa prive ki otorize an pasan pa Komite Evènman Espesyal yo

Endikatè sante piblik yo pral dikte nenpòt ajisteman alavni nan limit kapasite yo.

Evènman ki gen plis pase 50 patisipan, men ki pa gen plis pase 100 ap konsidere dapre desizyon sou chak ka apa.

Pou soumèt yon aplikasyon pou yon evènman espesyal oswa pou yon evènman espòtif amatè nan yon pak Vil Boston, tanpri vizite

https://apm.activecommunities.com/cobparksandrecdepart/Reserve_Options

Pou soumèt yon aplikasyon pou lòt evènman deyò sou pwopriyete piblik oswa prive, tanpri vizite epi soumèt yon aplikasyon evènman nan

<https://www.boston.gov/departments/consumer-affairs-and-licensing/how-apply-host-public-event-boston>



ESTANDA OBLIGATWA COMMONWEALTH MASSACHUSETTS

Okenn aktivite nan nenpòt evènman andedan oswa deyò pa dwe fèt san respekte estanda sekirite yo pou COVID-19. Estanda sa yo aplike pou tout antrepriz ki otorize fonksyone jiskaske Eta a anile oswa modifiye yo, sòf kote estanda byen espesifik pou sektè a aplikab pou yon pati oswa pou tout aktivite antrepriz la, epi nan ka sa, antrepriz yo dwe swiv estanda byen espesifik sa yo pou sektè a. Pwopriyetè antrepriz la ap responsab pou respè nòm sa yo

- Estanda Sekirite nan Espas Travay nan Massachusetts pou Evènman Andedan ak Deyò pou Fè fas ak COVID-19:

<https://www.mass.gov/doc/sector-specific-workplace-safety-standards-phase-iii-step-1-for-indoor-and-outdoor-events-to/download>

LÒT ENFÒMASYON ANPLIS

Machaswiv ak resous sekirite anplis sa yo disponib pou soutni evènman andedan ak deyò, teyat, ak sal espèktak yo.

Depatman Travay Etazini (U.S. Department of Labor), Administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay (Occupational Safety and Health Administration, OSHA)

- [Paj Wèb OSHA – COVID-19](#)
- [OSHA – Paj Wèb Machaswiv pou Aplikasyon](#)
- [Fich Enfòmasyon OSHA – Pwoteje Travayè yo Pandan yon Pandemi](#)

Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC)

- [CDC – Rekòmasyon pou Netwayaj ak Dezenfeksyon Anviwònman an](#)
- [CDC - Konsèy Pwovizwa pou Biznis ak Patwon yo pou Planifye ak Reponn pou Maladi Kowonaviris \(mizajou 3/21/20\)](#)

Ajans pou Pwoteksyon Anviwònman Etazini (U.S. Environmental Protection Agency, EPA)

Lis dezenfektan EPA apwouve yo:

- <https://www.epa.gov/pesticide-registration/list-n-disinfectants-use-against-sars-cov-2>

Depatman Travay Etazini

Si ou gen nenpòt kesyon sou rekòmasyon operasyonèl Vil Boston pou biznis, patwon, ak pwopriyetè komèsyal yo konsènan estrateji pou retounen nan travay pou espas travay biwo yo, tanpri yon imèl bay reopening@boston.gov.



Rekòmasyon Operasyonèl pou Evènman ak Teyat ak Sal Espèktak Enteryè ak Eksteryè Vil
Boston—Faz 3, Etap 1
Konsèy Pibliye: 10 jiyè 2020

Enfòmasyon sou dwa konje anplwaye:

- [Lwa Depatman Travay Fanmi Anpremye nan Repons pou Kowonaviris](#)



Estanda sekirite nan espas travay annapre la yo òganize sou kat kategori apa ki kouvri Espas Fizik ak Distans Sosyal; Jesyon ak Anplwaye yo; Pwotokòl pou Netwayaj, Dezenfeksyon ak Ijyèn; ak Ka Konfime yo. Tanpri konnen: Pou tout lis kontwòl annapre la yo, eleman ki endike an karaktè Fonse yo se estanda Commonwealth Massachusetts la pibliye. Eleman ki pa endike an karaktè Fonse yo se estanda anplis ke Vil Boston egzije oswa rekòmande.

LIS KONTWÒL ESPAS FIZIK AK DISTANS SOSYAL

Jesyon evènman andedan ak deyò ak pèsònèl anplwaye yo dwe mete an plas pwosedi ak modifikasyon fizik pou asire ke distans sosyal disponib, e ke tout travayè yo ak patisipan yo respekte yo. Operatè evènman andedan ak deyò yo dwe anvizaje tou pou mete an plas eleman yo ki endike kòm “Meyè Pratik/Rekòmandasyon” lè sa apwopriye ak posib.

Egzijans Obligatwa	Sitiyasyon
Chak operatè yon evènman andedan dwe siveye antre ak sòti patisipan yo epi limite okipasyon an toutan nan nivo uit moun sou chak 1,000 pye kare nan espas planche aksesib andedan, e pa plis pase 25 moun.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Chak operatè yon evènman deyò dwe siveye antre ak sòti patisipan yo epi limite okipasyon an toutan nan nivo ki endike annapre la yo: <ul style="list-style-type: none">• Vennsenk pousan okipasyon maksimòm enstalasyon an otorize genyen (jan sa dokimante nan pèmi okipasyon ki gen nan dosye nan depatman bilding minisipal la oswa lòt kote ki kenbe dosye minisipal) epi pa plis pase 100 moun• Enstalasyon ki pa gen okenn limit okipasyon pou yo nan dosye ka otorize uit moun sou chak 1,000 pye kare nan espas planche aksesib andedan, e pa plis pase 100 moun.• Men, nan Vil Boston, evènman Vil la otorize rete nan limit 50 moun.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Nan tout ka yo, kantite okipasyon yo gen ladan tout patisipan yo, pèsònèl la, ak lòt travayè yo.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Asire separasyon 6 pye oswa plis ant moun yo lè sa posib. <ul style="list-style-type: none">• Fèmen oswa reyaranje espas komen travayè yo ak zòn gwo dansite kote travayè yo gen anpil chans rasanble (pa egzanp, chanm pou pran poz, zòn pou manje) pou pèmèt distans sosyal.• Klwazon fizik dwe separe pòs travay ki pa kapab separe ak 6 pye oswa plis (Klwazon yo dwe rive nan 6 pye wotè omwen).	<input type="checkbox"/> Ap fèt



<ul style="list-style-type: none"> • Pou antrepriz ki fè fas ak patisipan, enstale makè vizyèl pou distans sosyal (pa egzanp, liy pou fè peman, liy pou ale nan twalèt) ak baryè fizik kote sa posib. • Make chanm ak koulwa pou endike 6 pye separasyon an. 	
Chanje lè pou manje midi ak poz pou travayè yo, regle kantite maksimòm moun ki nan yon sèl kote, epi asire omwen 6 pye distans fizik.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Egzije pwoteksyon figi pou tout travayè ak patisipan yo eksepte lè yon moun pa kapab mete yon pwoteksyon figi akòz yon pwoblèm medikal oswa andikap.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Meyè Pratik/Rekòmandasyon	Sitiyasyon
Enstale makè vizyèl (limit, pasaj, siyalizasyon, elatriye) pou ankouraje patisipan yo rete omwen 6 pye apa lè y ap deplase toupatou nan espas la.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Etabli pasaj ak direksyon (pa egzanp, antre ak sòti sans inik nan chanm yo, wout sans inik) pou jere sikilasyon vizitè pou trafik apye epi diminye kontak nèt. Afiche siyalizasyon vizib aklè konsènan règleman sa yo.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Fèmen oswa reyaranje espas komen ak zòn gwo dansite yo nan enstalasyon yo kote travayè yo gen anpil chans rasanble (pa egzanp, chanm pou pran poz ak zòn pou manje yo) pou pèmèt distans fizik 6.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Enstalasyon yo dwe devlope yon plan pou chita kote patisipan yo ka rezève plas ladan davans ki kapab ajiste gwosè rezèvasyon an epi ki pèmèt koup ak ti gwoup yo chita ansanm pandan yo respkete omwen 6 pye distans avèk lòt moun ak/oswa gwoup yo.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Mande patisipan yo limite plas an gwoup sèlman a manm ki fanmi oswa ki asosye nan yon menm gwoup.	<input type="checkbox"/> Ap fèt

LIS KONTRWÒL JESYON AK ANPLWAYE EVÈNMAN ANDEDAN AK DEYÒ

Jesyon ak pèsònèl anlwaye evènman andedan ak deyò yo dwe asire ke egzijans obligatwa sa yo pou kantite anlwaye ak operasyon yo aplike epi respekte toutan. Jesyon evènman andedan ak deyò yo dwe anvizaje tou pou mete an plas eleman yo ki endike kòm “Meyè Pratik/Rekòmandasyon” lè sa apwopriye ak posib.

Egzijans Obligatwa	Sitiyasyon
Bay fòmasyon pou travayè yo sou enfòmasyon ajou nan zafè sekirite ak prekosyon, sa gen ladan ijyèn ak lòt mezi ki vize redwi transmisyon maladi, ansanm ak sa ki annapre la yo:	<input type="checkbox"/> Ap fèt

Si ou gen nenpòt kesyon sou rekòmandasyon operasyonèl Vil Boston pou biznis, patwon, ak pwopriyetè komèsyal yo konsènan estrateji pou retounen nan travay pou espas travay biwo yo, tanpri yon imèl bay reopening@boston.gov.



<ul style="list-style-type: none">• Distans sosyal, lavaj men, ak byen itilize pwoteksyon figi• Evalyasyon tèt ou lakay ou, sa gen ladan kontwòl tanperati ak sentòm yo• Ensiste ke anplwaye yo pa dwe vini nan travay si yo malad• Kilè pou chèche jwenn swen medikal si sentòm yo vin grav• Ki pwoblèm sante kache ki ka rann moun pi fasil pou trape ak soufri yon ka grav ak viris la	
Ajiste èdtan yo ak peryòd travay yo nan espas travay la (ekip ki travay avèk orè diferan oswa chanje lè vini ak/oswa depa yo) pou diminye nèt kontak ant travayè yo epi redwi konjesyon.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Travayè yo pa ka vini nan travay si yo santi yo malad.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Ankouraje travayè ki frajil espesyalman pou COVID-19 dapre CDC pou yo rete lakay yo oswa reyafekte devwa yo pou redui kontak avèk lòt travayè yo ak patisipan yo.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Ankouraje travayè ki teste pozitif pou COVID-19 pou yo devwale sa bay patwon espas travay la pou rezon netwayaj ak/oswa dezenfeksyon ak rechèch kontak. Si yo avèti patwon an pou yon ka pozitif nan espas travay la, patwon an dwe enfòmè Konsèy Sante lokal (Local Board Of Health, LBOH) nan gran vil la oswa vil kote espas travay la sitiye epi ede LBOH lan nan mezi yo mande yon fason rezonab pou konseye kontak pwobab yo izole ak mete tèt an karantèn. Yo ka rekòmande pou fè tès pou lòt travayè yo annakò avèk direktiv ak/oswa sou demann LBOH lan.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Ankouraje travayè yo pou kominike bay patwon an sentòm yo idantifye yomenm oswa nenpòt kontak pwòch avèk yon ka COVID-19 koni oswa sispèk.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Afiche pou travayè yo ak patisipan yo avi enfòmasyon sou sante ak mezi sekirite aplikab yo jan sa endike nan <u>Estanda Sekirite Obligatwa Commonwealth la pou Espas Travay.</u>	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Kenbe yon dosye travayè ak patisipan yo pou soutni rechèch kontak ki ka gen pou fèt (non, dat, lè, enfòmasyon pou kontakte yo).	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Keseswa ou chita oswa kanpe, patisipan yo pa dwe rasanble nan gwoup ki gen plis pase sis moun.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Retire ekipman ki pa endispansab yo (magazen, dlo oswa kafe an fas patisipe yo, fèmèn sal manto, elatriye) nan zòn datant yo oswa nan lòt zòn kominal yo.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Lòt ekipman ak sèvis anplis sou plas yo ka ouvri ak opere sèlman lè ekipman oswa sèvis sa yo ta otorize fonksyone otremman dapre Plan Reouvèti Pwogresif Commonwealth la, epi apre sa yo dwe respekte tout	<input type="checkbox"/> Ap fèt

Si ou gen nenpòt kesyon sou rekòmasyon operasyonèl Vil Boston pou biznis, patwon, ak pwopriyetè komèsyal yo konsènan estrateji pou retounen nan travay pou espas travay biwo yo, tanpri yon imèl bay reopening@boston.gov.



<p>pwotokòl sekirite byen espesifik pou sektè a, ki disponib sou sitwèb Plan Reouvèti a, ki aplikab pou ekipman oswa sèvis la. Egzanp yo gen ladan sa ki annapre la yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Sèvis manje: Dwe swiv direktiv ki pi resan pou restoran yo, akondisyon sepandan ke bifè avèk pèsònèl yo ak sèvis pou pase manje yo otorize. Bifè sèvi lib yo, bifè san siveyans yo, espas pla pou sèvi tèt ou, estasyon bwason, ak lòt zòn kominal sèvi yo dwe rete fèmen. ● Ba yo: Dwe rete fèmen jiska Faz 4, akondisyon toutfwa ke sèvè ka founi sèvis bwason. ● Espektak mizik ak lòt espektak yo: Dwe respekte direktiv pi resan Commonwealth la pibliye pou teyat ak sal espektak yo ak sa ki endike anba a, sa gen ladan distans ant atis yo, ak ant atis yo ak espektatè yo. Espektak nan lokal andedan yo pa ka gen ladan chante oswa jwe enstriman van oswa kwiv. ● Pis dans yo: Dwe rete fèmen jiska Faz 4. 	
<p>Pou konsèy sou espò andedan ak deyò yo, tanpri al gade nan <u>Sit Reouvèti EEA</u>.</p>	<input type="checkbox"/> Ap fèt
<p>Deziyen klèman pèsònèl ki responsab pou dezenfeksyon, netwayaj, ak sipèvizyon pandan chak peryòd travay.</p>	<input type="checkbox"/> Ap fèt
<p>Travayè yo dwe rete lakay yo si yo santi yo malad.</p>	<input type="checkbox"/> Ap fèt
<p>Kominike klèman pou pèsònèl la chanjman nan règleman ak pwosedi yo pandan plizyè jou alavans oswa plis tout lè sa posib epi bay yon mekanis pou resevwa kesyon, sijesyon, ak kòmantè nan men pèsònèl la.</p>	<input type="checkbox"/> Ap fèt
<ul style="list-style-type: none"> ● Kominike règleman espas travay la klèman, souvan, ak pa mwayen plizyè kanal. ● Konsidere apèl konferans chak jou avèk tout pèsònèl la oswa anrejistreman vityèl pou distribye enfòmasyon ak chanjman politik yo. ● Pou evite stigma ak diskriminasyon nan espas travay la, kenbe enfòmasyon medikal yo prive annakò avèk lwa Eta ak federal yo. ● Kenbe politik estrik kont diskriminasyon, ak yon politik zewo tolerans pou nenpòt sipozisyon risk oswa eta enfeksyon COVID-19 ki baze sou ras oswa peyi kote moun sòti, epi ofri yon fason san danje pou travayè yo rapòte yon ka diskriminasyon. 	<input type="checkbox"/> Ap fèt
<p style="text-align: center;">Meyè Pratik/Rekòmasyon</p>	<p style="text-align: center;">Sitiyasyon</p>
<p>Anvizaje rezève èdtan fonksyòman byen espesifik sèlman pou popilasyon frajil yo.</p>	<input type="checkbox"/> Ap fèt



<p>Limite anlwaye nan zòn travay diskre pou minimize youn monte sou lòt lè sa posib.</p>	<p><input type="checkbox"/> Ap fèt</p>
<p>Pou evalye travayè yo nan chak peryòd travay, enstalasyon yo dwe asire sa ki annapre la yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Travayè yo pa gen okenn sentòm tankou lafyèv (100°F ak pi wo) oswa frison, tous, souf kout, malgòj, fatig, maltèt, doule nan misk ak/oswa doule nan kò, nen k ap koule ak/oswa konjesyon, nouvo pèt kapasite pou pran gou oswa pran sant, oswa kèplen, vomisman, oswa dyare. • Travayè yo pa te gen “kontak pwòch” ak yon moun ki gen yon dyagnostik COVID-19. “Kontak pwòch” vle di ap viv nan menm kay ak yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19, ap pran swen yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19, te nan mwens ke 6 pye distans pandan 15 minit oswa plis ak yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19, oswa antre an kontak dirèk avèk sekresyon (pa egzanp, pataje istansil, li te touse sou ou) yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19 pandan moun sa a pa te gen sentòm. • Doktè li oswa yon responsab sante piblik lokal pa te mande travayè a pou li izole oswa pou mete tèt li an karantèn. • Yo dwe voye lakay yo travayè ki pa ranpli kritè yo ki anwo a. 	<p><input type="checkbox"/> Ap fèt</p>
<p>Evènman andedan ak deyò yo dwe fè kontwòl sentòm lè patisipan yo ap anrejistre nan gichè yo. Ankouraje patisipan yo retounen lakay yo si patisipan an oswa pètèt yon moun nan kay la endike sentòm ki ka COVID-19.</p> <p>Vèsyon Preliminè: “Nan 2 a 14 jou ki sot pase yo èske oumenm oswa yon moun nan kay la te ekspozè nan viris COVID-19 epi/oswa ou gen sentòm COVID-19 annapre la yo?”</p> <ul style="list-style-type: none"> • Lafyèv oswa frison • Tous • Souf kout oswa difikilte pou respire • Fatig • Doule nan misk oswa doule nan kò • Maltèt • Vin pa ka pran gou oswa pran sant • Malgòj • Konjesyon oswa nen k ap koule • Kèplen oswa vomisman • Dyare” 	<p><input type="checkbox"/> Ap fèt</p>

Si ou gen nenpòt kesyon sou rekòmandasyon operasyonèl Vil Boston pou biznis, patwon, ak pwopriyetè komèsyal yo konsènan estrateji pou retounen nan travay pou espas travay biwo yo, tanpri yon imèl bay reopening@boston.gov.



Si sa posib, mete an plas yon sistèm rezèvasyon pou etablisman an. Sèvi ak sistèm rezèvasyon an pou kontakte kliyan ki gen rezèvasyon yo 24 èdtan anvan lè ki pwograme pou yo rive pou konfime rezèvasyon yo epi mande yo si yomenm oswa yon moun nan kay yo prezante nenpòt sentòm COVID-19. Si kliyan an reponn wi, yo dwe raple kliyan an ke li dwe sèlman itilize etablisman fòm fizik la si kliyan an pa poze yon risk pou sante lòt kliyan yo oswa travayè etablisman fòm fizik la. Kominikasyon sa yo ka fè pa mwayen aplikasyon, imèl, oswa tèks, si sa posib.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Sèvi ak yon Sistèm Notifikasyon pou Ijans epi kenbe enfòmasyon pou pran kontak ki ajou pou anplwaye yo.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Bay anplwaye yo ekipman pwoteksyon pèsònèl.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Ankouraje travayè yo pou yo rapòte nenpòt pwoblèm sekirite ak sante.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Fè kontwòl tanperati ak/oswa sentòm pou tout travayè yo nan kòmansman peryòd travay yo ak pou nenpòt founisè oswa kontraktè k ap antre nan etablisman an. Asire ke moun k ap fè kontwòl tanperati ak/oswa sentòm evite kontak pwòch avèk travayè yo nan tout limit sa posib	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Si li pa posib pou fè kontwòl tanperati sou plas, yo ka mete an plas pou fè pwòp kontwòl ou lakay ou. Asire ke kontwòl la fèt anvan travayè a kite lakay li pou peryòd travay li epi li swiv machaswiv CDC yo.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Lè sa posib, pèmèt fleksibilite nan lè travay yo dekwa pou anplwaye yo ka fè lanavèt nan moman ki pa gen ankonbreman.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Ankouraje anplwaye yo pou yo lave men yo byen vit otank posib lè yo antre nan espas travay la.	<input type="checkbox"/> Ap fèt

LIS KONTWÒL POU NETWAYAJ DEZENFEKSYON AK IJYÈN

Jesyon ak anplwaye evènman andedan ak deyò yo dwe asire ke egzijans obligatwa netwayaj ak ijyèn sa yo an plas epi yo respekte yo toutan. Jesyon an dwe anvizaje tou pou mete an plas eleman yo ki endike kòm “Meyè Pratik/Rekòmasyon” lè sa apwopriye ak posib.

Egzijans Obligatwa	Sitiyasyon
Asire aksè gen aksè nan enstalasyon pou lavaj men sou plas, sa gen ladan savon ak dlo k ap koule, epi akòde ase tan poz pou travayè yo lave men yo souvan. Kòm lòt chwa, yo ka itilize dezenfektan pou men abaz alkòl ki gen 60% alkòl omwen.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Founi travayè yo nan pòs yo nan espas travay la pwodui netwayaj apwopriye (pa egzans, dezenfektan, ti sèvyèt dezenfektan).	<input type="checkbox"/> Ap fèt

Si ou gen nenpòt kesyon sou rekòmasyon operasyonèl Vil Boston pou biznis, patwon, ak pwopriyetè komèsyal yo konsènan estrateji pou retounen nan travay pou espas travay biwo yo, tanpri yon imèl bay reopening@boston.gov.



Afiche siyalizasyon vizib nan tout sit la pou raple travayè yo ak patisipan nan evènman yo pwotokòl ijyèn ak sekirite.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Yo dwe mete disponib dezenfektan pou men abaz alkòl ki gen 60% alkòl omwen nan antre yo ak nan tout zòn planche yo pou travayè yo ak patisipan yo.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Asire sanitasyon regilye nan zòn anpil moun manyen yo, tankou pòs travay yo, ekipman, ekran, manch pòt, ak twalèt, toupatou nan sit travay la.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Fè netwayaj ak dezenfeksyon souvan nan sit la omwen chak jou epi pi souvan si sa posib.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Kenbe dosye netwayaj ki gen ladan dat, lè, ak dimansyon netwayaj la.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Fè dezenfeksyon souvan nan zòn anpil trafik ak sifas anpil moun manyen yo.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Sizoka gen yon ka pozitif, fèmen sit la pou yon netwayaj ak dezenfeksyon afon nan espas travay la annakò avèk direktiv CDC yo	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Louvri fenèt ak pòt yo pou ogmante sikilasyon lè kote sa posib	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Meyè Pratik/Rekòmandasyon	Sitiyasyon
Etabli yon pwotokòl Aksyon Repons pou netwaye espas kote te gen ka konfime enfeksyon ak/oswa ekspozisyon ak pou notifikasyon bay kowòdonatè espas travay la. <ul style="list-style-type: none"> Si yo enfòme jesyon an pou yon ka pozitif nan yon bilding, fèmen seksyon an nan bilding kote moun sa te gen aksè ladan pou fè yon netwayaj afon. 	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Entèdi tout kontak komen ekipman patisipan an oswa travayè a san sanitasyon ant itilizasyon yo.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Manm piblik la dwe mete pwoteksyon figi pandan yo chita pandan espèktak yo amwenske li ka danjere akòz andikap oswa pwoblèm medikal.	<input type="checkbox"/> Ap fèt

LIS KONTWÒL KA KONFME YO

Ka COVID konfime pou lokal andedan ak deyò yo pral mande egzamen ak respè lis kontwòl sa a.

Egzijans obligatwa	Sitiyasyon
Si yo enfòme patwon an sou yon ka pozitif nan espas travay la (sa gen ladan pou lòt anplwaye, patisipan, founisè, pèsònèl livrezon, oswa nenpòt moun ki gen aksè nan etablisman an), patwon an dwe enfòme Konsèy Sante lokal (LBOH) kote espas travay la sitiye, epi kolabore avèk yo pou chèche kontak pwobab nan espas travay la epi konseye travayè ak lòt moun ki te petèt gen aksè nan espas la pou izole ak mete tèt yo an karantèn. Yo ka rekòmande	<input type="checkbox"/> Ap fèt

Si ou gen nenpòt kesyon sou rekòmandasyon operasyonèl Vil Boston pou biznis, patwon, ak pwopriyetè komèsyal yo konsènan estrateji pou retounen nan travay pou espas travay biwo yo, tanpri yon imèl bay reopening@boston.gov.



<p>pou fè tès pou lòt travayè ki te gen aksè nan menm espas la annakò avèk direktiv ak/oswa sou demann LBOH lan.</p> <p>Sizoka yon anplwaye enfòmè yon patwon pou yon ka COVID pozitif, patwon an dwe jwenn konsantman nan men anplwaye a pou li pataje enfòmasyon pèsònèl anplwaye a avèk Komisyon Sante Piblik Boston (Boston Public Health Commission, BPHC). Si patwon an pa resevwa konsantman pou pataje enfòmasyon anplwaye a, patwon an ka rele BPHC kanmenm pou jwenn konsèy jeneral sou fèmte ak idantifikasyon kontak pwòch yo. Patwon an pa kapab devwale enfòmasyon sou ka konfime a bay kontak pwòch yo akòz pwoblèm konfidansyalite. Lòt ajans sante piblik ki pa BPHC gendwa responsab fonksyon sa a selon anplasman ka ki konfime a.</p> <p>Lè y ap rele BPHC, patwon yo dwe kapab idantifye si anplwaye a te travay 48 èdtan anvan kòmansman sentòm yo oswa si li te san sentòm 48 èdtan anvan tès la. Patwon an dwe kapab idantifye tou si anplwaye a te mete yon pwoteksyon figi nan travay la, detay sou kondisyon travay yo, anplasman travay la (sètadi, andedan, deyò), pwoksimite ak lòt anplwaye oswa patisipan, nivo entèraksyon avèk piblik la, epi baryè oswa pwoteksyon figi ki te an plas.</p> <p>Patwon an ap ede LBOH lan idantifye anplwaye(yo) ki gendwa te gen kontak avèk ka konfime a. Patwon an ap enfòmè anplwaye sa yo sou nesèsite pou karantèn lan. Patwon an ak LBOH ap kontakte founisè swen sante ki afekte yo. Yo dwe ankouraje kontak ak yon ka konfime pou yo fè yon tès pou COVID-19. Nenpòt anplwaye ki idantifye kòm yon kontak pwòch pa dwe retounen nan travay pandan omwen pandan 14 jou.</p>	
<p>Sizoka gen yon ka pozitif, fèmè sit la pou yon netwayaj ak dezenfeksyon afon nan espas travay la annakò avèk direktiv CDC nan moman an.</p>	<input type="checkbox"/> Ap fèt
<p>Meyè Pratik/Rekòmasyon</p>	<p>Sitiyasyon</p>
<p>Travayè ki teste pozitif pou COVID-19 pa dwe otorize retounen nan travay jiskaskè yon pwofesyonèl medikal otorize yo kòm moun ki san sentòm pandan omwen 3 jou epi gen omwen 10 jou ki pase depi sentòm yo te premye parèt.</p>	<input type="checkbox"/> Ap fèt
<p>Yo dwe ankouraje nenpòt patisipan anvan ki te enfòmè operatè evènman andedan oswa deyò a pou yon ka pozitif pou li kontakte LBOH lan. Operatè evènman andedan oswa deyò a dwe kontakte tou nenpòt anplwaye ak patisipan koni ki gendwa te antre kontak ak patisipan sa.</p>	<input type="checkbox"/> Ap fèt
<p>Kenbe ak egzamine dosye patisipan yo ak anplwaye yo jan sa nesèse pou jwenn enfòmasyon pou soutni efò pou chèche kontak yo.</p>	<input type="checkbox"/> Ap fèt

Si ou gen nenpòt kesyon sou rekòmasyon operasyonèl Vil Boston pou biznis, patwon, ak pwopriyetè komèsyal yo konsènan estrateji pou retounen nan travay pou espas travay biwo yo, tanpri yon imèl bay reopening@boston.gov.



APÈSI TEYAT AK SAL ESPEKTAK YO

Nan Etap 1 nan Faz 3, se sèlman teyat ak sal espektak deyò ak sal sinema andedan yo ki ka relouvri. Sinema sèvis nan volan yo ka kontinye opere selon direktiv ki sòti pou biznis sa yo. Lòt sal teyat ak sal espektak andedan yo dwe rete fèmèn jiskaske yo otorize louvri dapre yon lòd annapre.

Lokal evènman gwo kapasite yo dwe kontinye rete fèmèn jiska Faz IV. Sa gen ladan lokal yo itilize pou espò an gwoup oswa espektatè, divètisman, biznis, ak evènman kiltirèl, ki gen ladan estad yo, teren boul yo, ak sal ekspozisyon ak konvansyon yo.

Jesyon teyat ak sal espektak yo ak pèsònèl anplwaye yo dwe asire ke egzijans obligatwa sa yo an plas epi respekte toutan. Egzijans sa yo vin ajoute sou egzijans jeneral ki idantifye anwo a pou espas fizik ak distans sosyal; jesyon; netwayaj, dezenfeksyon, ak ijyèn; ak ka konfime yo.

Li enpòtan pou konsidere pou lis kontwòl sa yo meye pratik ki idantifye oparavan nan dokiman sa a.

ESTANDA OBLIGATWA COMMONWEALTH MASSACHUSETTS

Okenn aktivite nan nenpòt evènman andedan oswa deyò pa dwe fèt san respekte estanda sekirite nan espas travay yo pou COVID-19. Estanda sa yo aplike pou tout antrepriz ki otorize fonksyone jiskaske Eta a anile oswa modifiye yo, sòf kote estanda byen espesifik pou sektè a aplikab pou yon pati oswa pou tout aktivite antrepriz la, epi nan ka sa, antrepriz yo dwe swiv estanda byen espesifik sa yo pou sektè a.

- Estanda Sekirite ak Lis Kontwòl yo: Teyat ak Sal Espektak yo
https://www.mass.gov/files/documents/2020/07/06/FINAL_Theater%20and%20Performance%20Venues_Safety%20standards_20200706.pdf
- Teyat ak Sal Espektak yo: Lis Kontwòl MA pou COVID-19
<https://www.mass.gov/doc/phase-iii-step-1-theaters-and-performance-venues-checklist/download>
- Teyat ak Sal Espektak yo: Nòm Sekirite MA yo
<https://www.mass.gov/doc/phase-iii-step-1-theaters-and-performance-venues-protocol-summary/download>
- Nòm Espas Travay Byen Espesifik pou Sektè

Si ou gen nenpòt kesyon sou rekòmasyon operasyonèl Vil Boston pou biznis, patwon, ak pwopriyetè komèsyal yo konsènan estrateji pou retounen nan travay pou espas travay biwo yo, tanpri yon imèl bay reopening@boston.gov.



https://www.mass.gov/files/documents/2020/07/06/FINAL_Theater%20and%20Performance%20Venues_Safety%20standards_20200706.pdf

Estanda sekirite byen espesifik pou espas travay annapre la yo òganize sou kat kategori apa ki kouvri Espas Fizik ak Distans Sosyal; Jesyon ak Anplwaye yo; Pwotokòl pou Netwayaj, Dezenfeksyon ak Ijyèn; ak Ka Konfime yo ak direktiv byen espesifik pou teyat ak espèktak yo selon Faz 3, Etap 1.
Tanpri Konnen: Pou tout lis kontwòl annapre la yo, eleman ki endike an karaktè fonsè yo se estanda Commonwealth Massachusetts la pibliye. Eleman ki pa endike an karaktè fonsè yo se estanda anplis ke Vil Boston egzije oswa rekòmande.

LIS KONTWÒL DISTANS SOSYAL POU TEYAT AK ESPEKTAK YO

Jesyon teyat ak sal espèktak yo ak pèsònèl anplwaye yo dwe mete an plas pwosedi ak modifikasyon fizik pou asire ke distans sosyal disponib, e ke tout travayè yo ak patisipan yo respekte yo. Operatè teyat ak sal espèktak yo dwe anvizaje tou pou mete an plas eleman yo ki endike kòm “Meyè Pratik/Rekòmandasyon” lè sa apwopriye ak posib.

Egzijans Obligatwa	Sitiyasyon
<p>Sal sinema andedan yo dwe siveye antre ak sòti patisipan yo epi limite okipasyon an toutan nan nivo ki endike annapre la yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Karant pousan okipasyon maksimòm otorize pou chak teyat oswa sal pwojeksyon, jan sa dokimante nan pèmi okipasyon ki gen nan dosye nan depatman bilding minisipal la oswa lòt kote ki kenbe dosye minisipal, epi jamè plis pase 25 moun nan yonsèl espas andedan ki fèmen • Lokal ki pa gen okenn limit okipasyon pou yo nan dosye ka otorize uit moun sou chak 1,000 pye kare nan espas planche aksesib andedan, epi jamè plis pase 25 moun nan yon sèl espas andedan ki fèmen. • Men, nan Vil Boston, evènman Vil la otorize rete nan limit 50 moun. 	<input type="checkbox"/> Ap fèt
<p>Tout kontaj ak kalkil okipan pou lokal andedan ak deyò yo dwe gen ladan patisipan yo, travayè yo, ak nenpòt lòt moun ki prezan.</p>	<input type="checkbox"/> Ap fèt
<p>Afiche siyalizasyon vizib klèman konsènan nesèsite pou kenbe 6 pye distans sosyal ak pou pa antre nan yon pyès jiskaske distans sa a ka respekte.</p>	<input type="checkbox"/> Ap fèt
<p>Lokal dwe mete makè andeyò bilding lan pou asire yon distans 6 pye pou patisipan k ap tann deyò pou antre.</p>	<input type="checkbox"/> Ap fèt

Si ou gen nenpòt kesyon sou rekòmandasyon operasyonèl Vil Boston pou biznis, patwon, ak pwopriyetè komèsyal yo konsènan estrateji pou retounen nan travay pou espas travay biwo yo, tanpri yon imèl bay reopening@boston.gov.



Asire separasyon 6 pye oswa plis ant moun yo lè sa posib.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
<p>Fèmen oswa reyaranje espas komen travayè yo ak zòn gwo dansite kote travayè yo gen anpil chans rasanble (pa egzanp, chanm pou pran poz, zòn pou manje, zòn dèyè sèn) pou pèmèt distans sosyal:</p> <ul style="list-style-type: none">• Pòs travay ki pa kapab separe ak 6 pye oswa plis avèk klwazon fizik ki rive nan 6 pye wotè omwen.• Enstale baryè fizik pou gichè tikè kote sa posib; otreman, kenbe 6 pye distans lè sa pa posib• Pou antrepriz ki fè fas ak patisipan (pa egzanp, liy pou fè peman, liy pou ale nan twalèt) enstale makè vizyèl pou distans sosyal pou ankouraje patisipan yo rete nan distans 6 pye apa. <p>Etabli pasaj ak direksyon (pa egzanp, antre ak sòti sans inik nan chanm yo, wout sans inik) pou jere sikilasyon vizitè pou trafik apye epi diminye kontak nèt. Afiche siyalizasyon vizib akè konsènan règleman sa yo.</p> <p>Reyaranje zòn pou chita yo pou asire 6 pye ant patisipan ki pa fè pati yon menm gwoup.</p> <ul style="list-style-type: none">• Distans la dwe mezire ant limit ki pi pre a nan zòn lwazi oswa zòn yon patisipan chita ak limit ki pi pre a nan zòn lwazi oswa zòn yon lòt lwazi patisipan chita.• Sa gendwa mande pou bloke chak de ranje chèz yo ak/oswa chanje chèz yo andedan ranje yo.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Limite gwosè gwoup yo a pa plis pase 10 moun pou gwoup k ap asiste ansanm.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Chanje lè pou manje midi ak poz pou travayè yo, sa ki regle kantite maksimòm moun ki nan yon sèl kote, epi asire omwen 6 pye distans fizik.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Egzije pwoteksyon figi pou tout travayè ak patisipan yo eksepte lè li danjere akòz yon pwoblèm medikal oswa andikap.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
<p>Pwotokòl espesyal dwe swiv pou kontak pwòch ant atis andirèk yo:</p> <ul style="list-style-type: none">• Ankouraje atis yo mete pwoteksyon figi pandan espèktak yo si sa posib.• Atis yo dwe rete omwen 6 pye apa. Nenpòt aktivite ki mande pou atis yo pi pre pase 6 pye dwe kout otank posib• Yo pa konseye aktivite ki mande kontak dirèk pwolonje (pa egzanp sèn entim, sèn batay).	<input type="checkbox"/> Ap fèt

Si ou gen nenpòt kesyon sou rekòmasyon operasyonèl Vil Boston pou biznis, patwon, ak pwopriyetè komèsyal yo konsènan estrateji pou retounen nan travay pou espas travay biwo yo, tanpri yon imèl bay reopening@boston.gov.



<ul style="list-style-type: none"> Entèdi dirèk entèraksyon ant atis ak piblik la anvan, pandan, oswa apre espektak yo (sa gen ladan rankont dèyè sèn ak apre espektak yo). 	
<p>Pou espektak deyò andirèk yo, yo pa konseye chante ak jwe enstriman kwiv ak van. Pou espektak ki gen ladan chante oswa enstriman kwiv oswa van, yo dwe swiv distans espesyal:</p> <ul style="list-style-type: none"> Omwen 10 pye ant atis yo. Omwen 25 pye ant atis yo ak premye ranje piblik la 	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Tout materyo fizik moun manyen souvan yo dwe jete oswa dezenfekte ant itilizasyon yo.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Yo dwe retire nenpòt sipò oswa veso pou sèvi tèt ou pou materyèl sa yo, epi alapas, travayè yo dwe distribye tout materyo yo pèsònèlman.	<input type="checkbox"/> Ap fèt

Meyè Pratik/Rekòmasyon	Sitiyasyon
Yo ankouraje pou lokal yo ofri èdtan privilejye oswa lòt aranjman pou moun ki nan popilasyon ki gen gwo risk yo CDC jan defini sa	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Yo ankouraje metòd peman san kontak ak/oswa tikè dijital.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Ankouraje itilizasyon vèsyon elektwonik oswa ekran ki pa gen manyen alapas materyèl fizik yo manyen òdinèman (tankou meni ak pwogram) lè sa posib.	<input type="checkbox"/> Ap fèt

LIS KONTWÒL JESYON AK ANPLWAYE TEYAT AK ESPEKTAK YO

Jesyon teyat ak sal espektak yo ak pèsònèl anplwaye yo dwe asire ke egzijans obligatwa sa yo pou kantite anplwaye ak operasyon yo aplike epi respekte toutan. Jesyon teyat ak sal espektak yo dwe anvizaje tou pou mete an plas eleman yo ki endike kòm “Meyè Pratik/Rekòmasyon” lè sa apwopriye ak posib.

Egzijans Obligatwa	Sitiyasyon
<p>Bay fòmasyon pou travayè yo sou enfòmasyon ajou nan zafè sekirite ak prekosyon, sa gen ladan ijyèn ak lòt mezi ki vize redwi transmisyon maladi, ansanm ak sa ki annapre la yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> Distans sosyal, lavaj men, ak bon itilize pwoteksyon figi Evalyasyon tèt ou lakay ou, sa gen ladan kontwòl tanperati ak sentòm yo 	<input type="checkbox"/> Ap fèt

Si ou gen nenpòt kesyon sou rekòmasyon operasyonèl Vil Boston pou biznis, patwon, ak pwopriyetè komèsyal yo konsènan estrateji pou retounen nan travay pou espas travay biwo yo, tanpri yon imèl bay reopening@boston.gov.



<ul style="list-style-type: none">• Enpòtans pou pa vin travay sizoka maladi• Kilè pou chèche jwenn swen medikal si sentòm yo vin grav• Ki pwoblèm sante kache ki ka rann moun pi fasil pou trape ak soufri yon ka grav ak viris la	
<p>Pou evalye travayè yo nan chak peryòd travay, lokal yo dwe asire sa ki annapre la yo:</p> <ul style="list-style-type: none">• Travayè yo pa gen okenn sentòm tankou lafyèv (100°F ak pi wo) oswa frison, tous, souf kout, malgòj, fatig, maltèt, doulè nan misk ak/oswa doulè nan kò, nen k ap koule ak/oswa konjesyon, nouvo pèt kapasite pou pran gou oswa pran sant, oswa kèplen, vomisman, oswa dyare.• Travayè yo pa te gen “kontak pwòch” ak yon moun ki gen yon dyagnostik COVID-19. “Kontak pwòch” vle di ap viv nan menm kay ak yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19, ap pran swen yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19, te nan mwens ke 6 pye distans pandan 15 minit oswa plis ak yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19, oswa antre an kontak dirèk avèk sekresyon (pa egzanzp, pataje istansil, li te touse sou ou) yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19, pandan moun sa a pa te gen sentòm.• Doktè li oswa yon responsab sante piblik lokal pa te mande travayè a pou li izole oswa pou mete tèt li an karantèn.• Yo dwe voye lakay yo travayè ki pa ranpli kritè yo ki anwo a.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
<p>Ajiste èdtan yo ak peryòd travay yo nan espas travay la (pwofite avantaj ekip ki travay avèk orè diferan oswa chanje lè vini ak/oswa depa yo) pou diminye nèt kontak ant travayè yo epi redwi konjesyon nan pwen dantre yo.</p>	<input type="checkbox"/> Ap fèt
<p>Lokal yo ta dwe kenbe èdtan fonksyonman ki pèmèt sanitasyon ak netwayaj ap fèt andeyò èdtan fonksyonman yo.</p>	<input type="checkbox"/> Ap fèt
<p>Limite vizitè ak founisè sèvis sou plas yo; ekspedisyon ak livrezon yo dwe fèt nan zòn deziyen yo.</p>	<input type="checkbox"/> Ap fèt
<p>Kenbe yon dosye travayè ak vizitè yo pou soutni rechèch kontak ki ka gen pou fèt (non, dat, lè, enfòmasyon pou kontakte yo).</p>	<input type="checkbox"/> Ap fèt
<p>Travayè yo pa ka prezante nan travay si yo santi yo malad.</p>	<input type="checkbox"/> Ap fèt
<p>Si yo avèti patwon an pou yon ka pozitif nan espas travay la, patwon an dwe enfòme Konsèy Sante lokal (Local Board Of Health, LBOH) nan gran vil la oswa vil kote espas travay la sitiye epi ede LBOH lan nan mezi yo mande yon fason rezonab pou konseye kontak pwobab yo izole ak mete tèt an karantèn. Yo ka rekòmande pou fè tès pou lòt travayè yo annakò avèk direktiv ak/oswa sou demann LBOH lan.</p>	<input type="checkbox"/> Ap fèt



Afiche pou travayè yo ak patisipan yo avi enfòmasyon sou sante ak mezi sekirite aplikab yo, jan sa endike nan Nòm Sekirite Obligatwa Commonwealth la pou Espas Travay.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Chanje orè evènman (tankou pyès teyat) pou evite rasanbleman patisipan nan gwoup diferan ak pou pèmèt netwayaj afon nan espas aktivite yo (pa egzanp, zòn pou chita oswa tab yo) anvan nouvo patisipan rive.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Travayè yo dwe fasilite antre ak sòti òganize ant evènman kote piblik yo dispoze nan ranje oswa nan lòt gwo gwoup pou anpeche rasanbleman inital patisipan yo.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Enstalasyon yo dwe devlope yon plan pou chita kote patisipan yo ka rezève plas ladan davans epi ki kapab ajiste gwosè rezèvasyon an, sa ki pèmèt koup ak ti gwoup yo chita ansanm pandan yo respkete omwen 6 pye distans avèk lòt moun ak/oswa gwoup yo.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Mande patisipan yo limite plas an gwoup sèlman a manm ki fanmi oswa ki asosye nan yon menm gwoup.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Lòt ekipman ak sèvis anplis sou plas yo ka ouvri ak opere sèlman lè ekipman oswa sèvis sa yo ta otorize fonksyone otremman dapre Plan Reouvèti Pwogresif Commonwealth la, epi apre sa yo dwe respekte tout pwotokòl sekirite byen espesifik pou sektè a, ki disponib sou sitwèb Plan Reouvèti a, ki aplikab pou ekipman oswa sèvis la. Egzanp yo gen ladan sa ki annapre la yo: <ul style="list-style-type: none"> • Restoran ak sèvis manje: Dwe swiv machaswiv ki pi resan pou restoran yo • Magazen kado yo: Dwe swiv machaswiv ki pi resan pou detayan yo • Cheve ak makiyaj atis: Dwe swiv direktiv ki pi resan pou biznis pou kontak pwòch 	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Nan Etap 1, sèvis manje otorize sèlman nan lokal deyò yo.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Reyaranje saldatant yo pou dekouraje rasanbleman patisipan yo anvan, pandan, oswa apre espèktak yo.	<input type="checkbox"/> Ap fèt

Meyè Pratik/Rekòmasyon	Sitiyasyon
Limite mouvman travayè nan zòn travay diskre pou minimize youn monte sou lòt lè sa posib.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Yo ankouraje travayè ki frajil espesyalman pou COVID-19 dapre CDC (pa egzanp, akòz laj oswa pwoblèm kache anba) pou yo rete lakay yo.	<input type="checkbox"/> Ap fèt

Si ou gen nenpòt kesyon sou rekòmasyon operasyonèl Vil Boston pou biznis, patwon, ak pwopriyetè komèsyal yo konsènan estrateji pou retounen nan travay pou espas travay biwo yo, tanpri yon imèl bay reopening@boston.gov.



Yo ankouraje atoutfòs pou travayè yo kominike bay patwon an sentòm yo idantifye yomenm oswa nenpòt kontak pwòch avèk yon ka COVID-19 koni oswa sispèk.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Ankouraje travayè ki teste pozitif pou COVID-19 pou yo devwale sa bay patwon biwo a pou rezon netwayaj ak/oswa dezenfeksyon ak rechèch kontak.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Ankouraje rezèvasyon alavans ak biyè dijital lè sa posib.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Entèmèd yo dwe evite pou limite tan espektak la ak pou anpeche rasanbleman ak kontak pwòch avèk lòt moun.	<input type="checkbox"/> Ap fèt

LIS KONTWÒL POU NETWAYAJ DEZENFEKSYON AK IJYÈN

Jesyon ak anplwaye teyat ak sal espektak yo dwe asire ke egzijans obligatwa netwayaj ak ijyèn sa yo an plas epi yo respekte yo toutan. Jesyon teyat ak sal espektak yo dwe anvizaje tou pou mete an plas eleman yo ki endike kòm “Meyè Pratik/Rekòmasyon” lè sa apwopriye ak posib.

Egzijans Obligatwa	Sitiyasyon
Fè netwayaj ak dezenfeksyon souvan nan sit la (omwen chak jou epi pi souvan si sa posib).	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Kenbe dosye netwayaj ki gen ladan dat, lè, ak dimansyon netwayaj la.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Fè dezenfeksyon souvan nan zòn anpil trafik ak sifas anpil moun manyen yo (pa egzanp, manch pòt yo, twalèt, chèz, gichè tikè, chanm pou anplwaye pran poz).	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Sizoka gen yon ka pozitif, fèmen sit la pou netwayaj ak dezenfeksyon afon nan espas travay la annakò avèk direktiv CDC nan moman an.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Dezenfekte zòn moun chita yo ak nenpòt lòt objè moun touche nan fason respwòk yo touswit apre chak itilizasyon. Nan okenn moman patisipan yo pa dwe vin an kontak avèk objè lòt moun te manyen san yo pa te dezenfekte toudabò dapre machaswiv CDC yo.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Meyè Pratik/Rekòmasyon	Sitiyasyon
Louvri fenèt ak pòt yo pou ogmante sikilasyon lè kote sa posib.	<input type="checkbox"/> Ap fèt

LIS KONTWÒL KA KONFME YO

Ka COVID konfime pou teyat ak sal espektak yo pral mande egzamen ak respè lis kontwòl sa a.

Egzijans Obligatwa	Sitiyasyon
Si yo enfòme patwon an sou yon ka pozitif nan espas travay la (sa gen ladan pou lòt anplwaye, patisipan, founisè, pèsònèl livrezon, oswa nenpòt moun ki	<input type="checkbox"/> Ap fèt

Si ou gen nenpòt kesyon sou rekòmasyon operasyonèl Vil Boston pou biznis, patwon, ak pwopriyetè komèsyal yo konsènan estrateji pou retounen nan travay pou espas travay biwo yo, tanpri yon imèl bay reopening@boston.gov.



<p>gen aksè nan etablisman an), patwon an dwe enfòmè Konsèy Sante lokal (LBOH) kote espas travay la sitiye, epi kolabore avèk yo pou chèche kontak pwobab nan espas travay la epi konseye travayè ak lòt moun ki te petèt gen aksè nan espas la pou izole ak mete tèt yo an karantèn. Yo ka rekòmande pou fè tès pou lòt travayè ki te gen aksè nan menm espas la annakò avèk direktiv ak/oswa sou demann LBOH lan.</p> <p>Sizoka yon anplwaye enfòmè yon patwon pou yon ka COVID pozitif, patwon an dwe jwenn konsantman nan men anplwaye a pou li pataje enfòmasyon pèsònèl anplwaye a avèk Komisyon Sante Piblik Boston (Boston Public Health Commission, BPHC). Si patwon an pa resevwa konsantman pou pataje enfòmasyon anplwaye a, patwon an ka rele BPHC kanmenm pou jwenn konsèy jeneral sou fèmte ak idantifikasyon kontak pwòch yo. Patwon an pa kapab devwale enfòmasyon sou ka konfime a bay kontak pwòch yo akòz pwoblèm konfidansyalite. Lòt ajans sante piblik ki pa BPHC gendwa responsab fonksyon sa a selon anplasman ka ki konfime a.</p> <p>Lè y ap rele BPHC, patwon yo dwe kapab idantifye si anplwaye a te travay 48 èdtan anvan kòmansman sentòm yo oswa si li te san sentòm 48 èdtan anvan tès la. Patwon an dwe kapab idantifye tou si anplwaye a te mete yon pwoteksyon figi nan travay la, detay sou kondisyon travay yo, anplasman travay la (sètadi, andedan, deyò), pwoksimite ak lòt anplwaye oswa patisipan, nivo entèraksyon avèk piblik la, epi baryè oswa pwoteksyon figi ki te an plas.</p> <p>Patwon an ap ede LBOH lan idantifye anplwaye(yo) ki gendwa te gen kontak avèk ka konfime a. Patwon an ap enfòmè anplwaye sa yo sou neseste pou karantèn lan. Patwon an ak LBOH ap kontakte founisè swen sante ki afekte yo. Yo dwe ankouraje kontak ak yon ka konfime pou yo fè yon tès pou COVID-19. Nenpòt anplwaye ki idantifye kòm yon kontak pwòch pa dwe retounen nan travay pandan omwen pandan 14 jou.</p>	
Sizoka gen yon ka pozitif, fèmten sit la pou yon netwayaj ak dezenfeksyon afon nan espas travay la ki annakò avèk direktiv CDC nan moman an.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Meyè Pratik/Rekòmasyon	Sitiyasyon
Travayè ki teste pozitif pou COVID-19 pa dwe otorize retounen nan travay jiskaskè yon pwofesyonèl medikal otorize yo kòm moun ki san sentòm pandan omwen 3 jou epi gen omwen 10 jou ki pase depi sentòm yo te premye parèt.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Yo dwe ankouraje nenpòt patisipan anvan ki te enfòmè operatè evènman andedan oswa deyò a pou yon ka pozitif pou li kontakte LBOH lan. Operatè evènman andedan oswa deyò a dwe kontakte tou nenpòt anplwaye ak patisipan koni ki gendwa te antre kontak ak patisipan sa.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Kenbe ak egzamine dosye patisipan yo ak anplwaye yo jan sa nesèsè pou jwenn enfòmasyon pou soutni efò pou chèche kontak yo.	<input type="checkbox"/> Ap fèt

Si ou gen nenpòt kesyon sou rekòmasyon operasyonèl Vil Boston pou biznis, patwon, ak pwopriyete komèsyal yo konsènan estrateji pou retounen nan travay pou espas travay biwo yo, tanpri yon imèl bay reopening@boston.gov.